«ХIАЙ ИЙМАН ДИЛЛИНАРШ! ШУНА ТIЕДИЛЛИНА МАРХА КХАБАР,
ШУЛ ХЬАЛХА БАХАНЧАРНА ТIЕДИЛЛАРЕ ТЕРРА, ШУ ХИЛИЙТАРХЬАМА (ДЕЛАХ) КХОЬРУШ». (Аль-Бакъарат; 183)



Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году



Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.




А.-Х. Кадыров

# Исламан зIаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла!
Кадыров А.-Х.

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года

2016-чу шеран июнь беттан 23-гIа де
1437-чу шеран Рамадан беттан 18-гIа де
23 июнь 2016 год № 12 (365)

*ТIОМ – АКХАРАЛЛА Ю. ТIАМНА ГЕНА ДОВЛАЛАШ, НАГАХЬ САННА МОСТАГI ШУЬГАРА ДИН, СИЙ, ДIАДАКХХА ВЕАНА ВАЦАХЬ. ШУН НИЦКЪ – ИЗА ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, НИЙСО Ю ШУНА. МОСТАГIЧУЬНГА ЛАЛУР БАЦ И НИЦКЪ, МАЦЦА А ЦКЪА ИЗА ША ЭШНА ХИЛАРНА КЪЕРА ЦА ХИЛЧА ВЕР ВАЦ. ЦХЬАЬННАН А НИЦКЪ КХОЧУР БАЦ ШУН БАКЪДЕРГ ЭШО, НАГАХЬ САННА ШУ ДИНАН НЕКЪА ТIЕРА ДIА ЦА ДОВЛАХЬ.* (Кунта-Хьаьжин хьехам)

## ТХО МАРХА КЪОБАЛДАН ГIУР ДУ

Йоккхахйолчу йишас кечйир-кха со марха къобалдан яха...цIегIа басахь коч а, цунах тера мачаш а юьйхина...луларчу берех дIатуьйхира. Тхо дуккха а лийлира эвла юккъехула...шортта кампеташ а лехьийра. Сарахь кIадъелла, когаш лозу бохуш дененна тIехьерчачу сан-м кIезиг бала бара цу кампеташца...я и сайн хаза коч а ца хетара ишта хаза а. ГIеххьа дегабаам йишина а бара, цо со луларчу берех дIа ца тоьхнехьара, царна тIаьхьакхиа гIерташ со ишта кIадлур ма яцара, шеца йига мегар ма дара...ша ишта хаза кечйина хилча...

ХIетахь, ткъе итт шо хьалха, марха къобалдан яхар иштта дагадогIу суна.

ХIинца хIун ойланаш ю те берийн и де лардеш?



***Джафаров Хьамзат (7 шо)***

Стохка дукха ца лийлира со волавелла, догIа догIуш дара. И дIа ма-сецци араваьлча, жимма бен кампеташ ца гулйира.

Марха къобалдеш малх хила лаьа суна. Iуьйранна дуьйна араваьлла, массеран а марха къобалдан. И де сихха тIекхача а лаьа суна!



***Хасбулатов ИбрахIим (5,5 шо)***

Со Доьлаке воьду марха къобалдан. Шичошца араволу со, цаьрца массеран а марха къобалдеш лела. Стохка тхуна шортта кампеташ а, сегIазаш а делира.

ХIинца а гIур ву со юьрта, хаза хIуманаш а кечйина ас тIеюха.

Суна чIогIа хазахета марха досту де!



***Сельмурзаев Байсангур (4,5 шо)***

Суна дага ца догIу марха къобалдеш муха дара. ДогIа долу дела ара ца валийтира боху Мамас. Чохь хаза стол кечйина дагадогIу.

Кхушара аравер ву со марха къобалдан. Берийн бешахь болчу доттагIашца барт бина, марха къобалдан цхьаьна гIур ду аьлла.

***Рубрика кечйинарг – Петирова ПетIамат***

## ПРОПОВЕДЬ ПЕРЕД УТРЕННИМ НАМАЗОМ



22.06.2016. Для совершения утреннего намаза Муфтий ЧР Салах-хаджи Межиев посетил мечеть пос. Мичурина в Грозном.

Здесь богослов прочитал пришедшим на намаз проповедь, в которой рассказал о смуте врагов Ислама – ваххабистов. По словам Салаха-хаджи, они бессовестно лгут на каждом месте, стараясь прикрыться теми или иными учеными уммы, хотя не имеют никакого отношения к ним и наговаривают на них. Сегодня они вводят в заблуждение молодежь своей ложной трактовкой священных текстов Корана и Сунны, а также терминов бидъа, ширк, тавассуль. Они пытаются выставить дозволенное запретным, а порицаемое одобряемым. Поэтому молодое поколение уммы должно четко разбираться в этих вопросах, слушая истинных алимов Ахлю Сунна валь Джамаа, отметил муфтий.

***Пресс-служба ДУМ ЧР***

## АБУ ХIУРАЙРИН ДОIА

**Iилма долуш хиларал сов, дика амал йолуш а, ийман долуш а хилла Абу ХIурайра. Дийнахь марха а кхобуш, буьйса кхоалгIачу декъе ерзззалц сема Iаш хилла и. ТIаккха хIусамнана самайоккхуш хилла Iибадатна, цул тIаьхьа – йоI... Цу кеппара, Абу ХIурайрин тхов кIелахь сахиллалц Далла Iибадат дар хедаш ца хилла.**

Шена Делан Элча (Делереа салам-маршалла хуьлда цунна) везарх терра, кхин кIеззиг дезий-те аьлла Iилма а, дешар а дезара Абу ХIурайрина.

Шен берриге а ницкъ цу тIе берзийнера цо.

Зайд ибн Сабита дуьйцура:

– Цкъа со а, Абу ХIурайра а, кхин цхьа накъост а вара маьждигехь Далла хьаставелла, Цуьнга доIа деш.

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) чу а веана, тхо долчу агIор волавелира. Тхайн балхах тхо юкъарадевлча, цо дийхира:

– Юкъах ма дита шайн доIа.

Абу ХIурайрел хьалха тхаьшшинан доIа дан волавелира тхойшиъ, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тIаьхьара «Амин» а олуш...

Тхойшиъ ваьлча, шен доIа дира Абу ХIурайрас:

– Я Аллах, хIокху сан шина накъоста доьхург а доьху ас Хьоьга, цкъа а дицлур доцу хаарш а доьху...

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна):

– Амин! – элира.

ТIаккха оха а дийхира Деле цкъа а дицлур доцу хаарш.

Амма Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира:

– Цу тIехь хьалхе яьккхи шуьгара Даус тайпанах волчу хIокху стага.

***Гочдинарг – Петирова ПетIамат***

## В НАЧАЛЕ ДОЛГОГО ПУТИ

В каждую пятничную молитву среди толпы верующих в мечети «Сердце Чечни» имени Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова можно увидеть стройный ряд юных «суворовцев». Мой взгляд привлек их особенный нрав. Это были совсем еще мальчишки лет 13-14. Но уровень их культуры и воспитания был очевиден. Скромность и опрятность, спокойствие и серьезность. Все их качества выдавали в них хороших воспитанников и учителей.

Суворовское военное училище, названное в честь великого полководца Александра Васильевича Суворова, начало функционировать в Чеченской Республике в 2008 году.

*(Продолжение на стр.3)*

***С.Сугаипов***





**ДЕНИ-ШАЙХАН ЗЕРАТ** – къубца каш ду Хьалха-МартантIехь Гихта боьдучу некъаца къилба агIор долчу «Туркойн кешнашкафхь». Дени-Шайх ямартлонца вийра кIайчу гIалгIазакхаша 1917-чу шеран декабрехь Соьлжа-ГIалахь. Циггахь ду цуьнан кIентан эвлаяан Арсанов Бауддин каш а, зерат а.

Дени-Шайх а, цуьнан кIант Бауддис а Галнера схьабевлла бу, тайпана – энгиной, вирд доккхуш хилла эвлаяана Элаха-Моллина. Шен устазхьехамча лацийтар доькхуш, Дени-шайхас Галне (Кень-Юрт) юьртана а, Макане кIотарна а юккъерчу варшахь вийра и лацийтина волу полковник Эльмурзаев Шида.

Арсанов Бауддис нохчий а, гIалгIай а махках баьхначу 1944-чу шарахь а, цул тIаьхьа а хIаллакьдечуьра кIелхьардехира бIеннаш адамаш – бераш, зударий, баккхий нах. Арсанов Бауддди юкъа ца ваьллехь, тоьпаш тоха, я дийна боллушехь баго тарлора уьш.

## ТАХАНА ЛОЬМАРЕХЬ

**2-гIа агIо**

**О милости Аллаха...**

«Судьбы людей в день воскрешения будут сильно различаться. Одним будет позволено войти в рай без расчета. Другим напомнят о том, как они жили на земле, но их добрые и дурные дела не будут подсчитаны. Третьи узнают свой приговор после того, как их деяния будут взвешены на весах...»

**2-гIа агIо**

**Муса-пайхамарх лаьцна**

«Везачу Дала хаам бина, царна иза (Иерусалим, Палестина) хьарам ю шовзткъа шарахь, эрна арахь хьере а хилла лелар бу уьш, аьлла. Шовзткъа шарахь арахула буьйлабелла лелла уьш, масийтта дийнахь некъ бинчул тIаьхьа хьалха шаьш хиллачу меттиге схьа а кхочуш...»

**3-гIа агIо**

**Зуькаран а, шовкъан а хьолах, мехаллех, мурдийн ойланех...**

«Хоттучо хоттур ду-кха, хIунда ю и тайпа шовкъ оццул еза аьлла, – кхидIа а дийцина Iовдас, – Макка Хьаьждан воьдург дуьненан белхийн ойла ца еш я цхьа хIума дага ца тосуш хир вац. Иштта цу ойланех паргIат хир вац Делан новкъахь гIазотана юкъ йихкина араваьлларг а, холбатахь Iийриг а...»

Лараме газетдешархой! ХIокху газет тIехь язйина АллахIан еза цIерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хIара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

№ 12 (365)
Исламан зІаьнарш

## МАРХИЦА ДОЛУ ДАРБА

Марха, хууш ма-хиллара, Исламан арканех (коьрта дакъойх) цхьа рукна (дакъа) ю.

Сатеснsocial хенахь дуьйна малх чубуззалц йолчу хенахь, даархмалархи шиъ доцучух а, Лекхаволчу Далла муьтIахь хилла юхавалар ду иза. Делан шарIехь вайна пайдехь дерг бен, дIадахьа вайн ницкъ кхочуш дерг бен тIедиллина дац.

Марха бахьана долуш, кхача ахьаран декъах йолчу меженашна садаIар хуьлу, чуьйрашна цIанъялар, зорха тояр хуьлу, дегIана тийлачу дилханах а, дарстарх а дIацIандалар хуьлу.

Делан салам хиларо ма аьлла: «Марханаш кхаба, могаш хир ду шу».

Синна а дарбане ду марха кхабар, цуьнгахь собар кхиадо цо, тIехь таллам латторна гIо а до, мархин уггаре а коьрта IалашоДелах кхерар гучудаккхар. Дала, Веза-Сийлахь ву Иза, ма аьлла: «ХIай иман диллинарш! Шуна тIедиллина марха кхабар, шул хьалха баханчарна тIедилларе терра, шу хилийтархьама (Делах) кхоьруш».

*(Аль-Бакъарат; 183)*

Бусалба нехан юкъараллина а пайдехь ду марханаш, уммат низаме даладо цара, церан цхьаалла гучуйоккху, нийсо а, вовшийн гIодар а доьзуьйта, бусалбанаш вон а, боьха а, къа долчу хIуманех а ларбо.

Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) ма аьлла Веза-Сийлахь волчу Делан цIарах: «Марха (къинойх ларвеш йолу) дуьхьало ю...».

*(Аль-Бухари)*

## МАРХА КХОБУЧУН ЛЕРАМ БИНАРГ ЯЛСАМАНИ ВАХНА

Цхьана маджусийчунна (цIерна а, седарчашна а Iамал еш верг) шен кIант Рамадан баттахь, базарахь хIума юуш гина. ТIаккха, Рамадан баттахь бусалба нехан хьурмат (лерам) хIунда ца до ахь аьлла, тоьхна цо шен кIантана.

И маджусий велча, цхьана Iелимстагана гIена-кхоьлах, ялсамани чохь сийлахь йолчу меттехь гина. Тіаккха цо хаьттина: «Хьо маджусий вацара?». Вукхо жоп делла: «Вара, амма со лечу хенахь сайна тIехула цхьа аз хезира суна: «ХIай сан маликаш, маджусийн динехь ма виталаш иза, цо Рамадан беттан лерам барна, Ислам-дин тIеэцийтий сий делаш цуьнан».

Рамадан беттан лерам биначунна иймане вар хилла, тIаккха цуьнан лерам беш, иза кхаьбначунна хIун хила деза?!

*Муртазаев Сайдмохьмад*

Iумара аьлла (Дела реза хуьлда цунна): «Марха кхабар – деккъа цхьана юучух а, молучух а вухакхетар хилла ца Iа. Пуьташ боттарх, харцдерг дийцарх, эрна къамелах, дуйнаш даарх юхакхетар ду иза».

Жа́бира аьлла (Дела реза хуьлда цунна): «Хьо марха кхобуш хилча, ахь марха кхабийта хьайн бIаьрсине, хьайн хазаре, хьайн матте, харцлéрах а, кьилахь долчу хIуманех а; адамана новкъарло а ма йе. Айхьа марха кхобучу дийнахь хьайн лелар дика долуш хила, паргIат хила. Айхьа марха кхобу де а, марха ца кхобу де а цхьатерра ма хилийта».

## О МИЛОСТИ АЛЛАХА

### *Говорит богослов*

Судьбы людей в день воскрешения будут сильно различаться. Одним будет позволено войти в рай без расчета. Другим напомнят о том, как они жили на земле, но их добрые и дурные дела не будут подсчитаны. Третьи узнают свой приговор после того, как их деяния будут взвешены на весах. Некоторые грешники будут заточены в ад сразу после начала суда и там будут дожидаться своей очереди. Если дело дойдет до расчета, то Аллах потребует от человека признать каждый грех, в котором его обвинят. Верующие смиренно признаются во всем, что совершили, и признают каждое благо, которым Аллах одарил их, а неверующие и лицемеры будут отрицать то, что записали ангелы. Зло разлетится повсюду и вернется к людям, которые совершили его. Суд будет страшным, ибо велики грехи людей и мала их благодарность. Расплата будет так близка, что даже пророки будут молить только о собственном спасении. Но судить людей будет не жестокий тиран, а Всемилостивый Господь. Аллах будет искать повод для прощения рабов. Он простит все, что они совершили по ошибке, под принуждением или по забывчивости. Он простит тех, кто искренне заблуждался, но старался найти истину. Он напомнит людям о самом неприметном благодеянии, которое они совершили, чтобы вознаградить за него удивительным образом. Он спасет того, кто имел возможность отомстить, но ради Аллаха предпочел прощение. Он простит того, кто сам нуждался в деньгах, но ради Аллаха предпочел помочь брату. А сколько верующих будут прощены только за то, что не придавали сотоварищей Аллаху! В хадисе сообщается, что Всевышний сказал: «О, сын Адама, Я буду прощать тебя, не обращая внимания на твои грехи, пока ты будешь взывать ко Мне и надеяться на Меня! О, сын Адама, если грехи твои достигнут небесных туч, а потом ты попросишь прощения у Меня, то Я прощу тебя! О, сын Адама, если ты придешь ко Мне с грехами величиной с землю и предстанешь предо Мной, не приобщив ко Мне ничего, то Я дарую тебе столько же прощения» (ат-Тирмизи).

Каждый приговор Всевышнего будет исполнен мудрости, но трудно постичь эту мудрость, рассуждая земными категориями. Как вообще можно понять, что Аллах простит блудницу за то, что она напоила изнывавшую от жажды собаку (ал-Бухари и Муслим), и накажет верующую женщину, которая обижала соседей? Или как можно понять, что в рай попадет человек, который не совершил ни единого доброго поступка и даже надеялся, что Аллах не сумеет воскресить его?! Когда смерть подступила к нему, он завещал своим сыновьям предать его тело огню, а потом развеять половину его праха по земле, а половину — по морю. «Клянусь Аллахом, — сказал он, — если Аллах сумеет воскресить меня, то накажет так, как не наказывал никого из людей». Когда он умер, сыновья исполнили его завещание, а в день воскрешения Аллах призовет его и спросит: «Почему ты поступил так?» Он ответит: «Господи, из страха перед Тобой, и Ты знаешь это». И тогда Аллах Всемогущий простит его (ал-Бухари и Муслим).

Превелик Аллах! Он любит прощать и не радуется тому, что грешники попадают в ад. Он сотворил нас, одаряет нас благами и принимает наши молитвы. Он радуется нашему покаянию и готов «бежать» навстречу нам. Он принимает нас такими, какие мы есть, и готов простить нас, стоит нам попросить прощения. Поэтому даже грешные среди нас имеют шанс на спасение, если в их сердцах нет гордыни и искрится крупица добра. Но воспользуется ли человек своим шансом? Сумеет ли он дать повод для того, чтобы Аллах простил его? Как он поступит, когда его спросят за совершенные грехи и преступления? Станет ли он оправдываться или смиренно признает свою вину? В тот день никому не удастся кривить душой, и язык извлечет то, что человек скрывал в потемках своей души. Лжец будет продолжать лгать, а лицемер – ухищряться. Когда грешнику вынесут обвинительный приговор, ад начнет глубоко дышать и реветь, как мулица ревет при виде ячменя. И будет грешник, не приобщавший сотоварищей к Аллаху. Когда ангелы поволокут его, ад попятится назад и сожмется, и Аллах спросит: «Что с тобой?». Ад ответит: «Он ищет у Тебя защиты от меня». Тогда Аллах прикажет ангелам: «Отпустите Моего раба». И будет грешник, которого поволокут в ад, а он воскликнет: «Господи, я не думал, что Ты поступишь со мной так!». Всевышний спросит: «Что же ты думал?». Он ответит: «Что попаду под милость Твою». Тогда Аллах прикажет: «Отпустите Моего раба» (Тафсир Ибн Касир).

Господи, укрепи сердца наши в этом мире и в тот час, когда смерть придет за нами! Поддержи нас словом истины в могиле и в тот день, когда мы предстанем перед Тобой! Облегчи наше положение и не предоставляй нас самим себе ни на мгновение. Амин!

И благослови, О, наш Господь! Посланника Мухаммада (мир ему), его семью сподвижников и тех, кто следует по его пути! Амин!!!

***Абдул-Альви Товсултанов***

*Къинхетаме хилалаш байшца, мискачаьрца, гІийлачаьрца, гІорасиз болчаьрца. Лекхаволчу АллахIа царал мелла а могаш, хьал долуш, нуьцкъала дина шу. Аш а гайта шайн дикалла, къинхетам. АллахIа аш дечу ламазал а, кхобучу марханел а деза лорур ду-кха иза. Дагахь латтаде Мухьаммад Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадис. Цу тIехь цо аьлла-кх мархано а, ламазо а ялсманин неIаршка кхачаво, амма шуна уьш схьайоьллу шун комаьршалло, шун къинхетамо. Комаьршалло а, къинхетамо а, ур-аттал бIаьрзениг а, тилавелларг а куьг лаьцна тIарикъатца дIавуьгур ву.* *Кунта-Хьаьжин хьехам*

## МУСА-ПАЙХАМАРХ ЛАЬЦНА

### *(Делера салам хуьлда цунна)*

*(Чаккхе. Юьхь еша 11-чу лоьмарехь)*

Цул тIаьхьа Везачу Дала Муса-пайхамаре (Делера салам хуьлда цунна) омра дина, Исраилан доьзалшца Шемахь йолчу Иерусалиме гIо, аьлла. Оцу заманахь цигахь дехаш къиза къам хилла, даккхий догIмаш а, боккха ницкъ а болуш. Муса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) шен къоме оцу чу гIо, тIамца а гIала схьаяккха, аьлла, омра дина. Ялх бIе эзар болчу Исраилан доьзалшна юккъехь Иерусалим схьайоккхуш тIом хьайн Iаса тIулгах». ТIаккха цунах хьаьдира шийтта шовда. Берриге а нахана хиира шайн-шайна хи молу меттиг».

*(«Аль-Бакъарат», 60)*

Муса-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) къомана юккъехь шийтта тайпа хилла, цундела хIора тайпанан цIарах Дала шовда далийтина. Цунах терра Дала царна кхин дуккха а ниIматаш делла. Аренгахь дIабоьлхуш уьш бохбелча, Дала царна марха яхийтина, IиндагI деш. Иштта Дала шен-шен рожехь царна манна (дерстина олхазарш), шех дегабаам ца хилийтархьама. Иза вийнарг мила ву ца хууш хьере хиллачу наха Муса-пайхамаре (Делера салам хуьлда цунна) дехар дина, Хьайн Деле цунах лаций хаттахь, аьлла. Мусас (Делера салам хуьлда цунна) Везчу Деле цунах лаьцна хаьттича, Дала цаьрга аттана урс хьакха, аьлла.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Мусас шен къоме аьлла хан хьахае: «Баккъал а, Дала омра до шуьга аттана урс хьакха, аьлла». Цара элира: «Хьо кхаьрдаш ву тхох?» оцу аьттан цхьа дакъа веллачух тоха, аьлла. Цара и тоьхча, велларг денвелла. Муса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) хьо вийнарг мила ву, аьлла, хаьттина цуьнга. Цо жоп делла, ша вийнарг шен вешин кIант хьенех ву, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «(Хьахаде цаьрга): «Аша адам дийра, цу тIехь вовшашца девне девлира шу, Дела ма ву аша дIахьулдеш дерг гучудоккхур долуш».

(«Аль-Бакъарат, 72»)

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: кIелхьардаккха Дала ваийтина элча хилар.

2. ФирIавн, ша Дела ву бохуш харц дов деш, керсталла дарехь дозанал тIехваьлла, Делан луьра мостагI хилар.

3. Везчу Дала Шен лешна йина чIагIо кхочушъеш хилар.

4. ОьгIазвахар – адам тилош долчу шайтIанан балхах хилар.

5. Шегара даьллачу къинна дохко а ваьлла, Далла хьаста а велла шена гечдар дехначунна Дала гечдеш хилар.

6. Зуламхочунна а, Iеса бан реза верг ца карийна цунна, шен ваша ХIарун (Делера салам хуьлда цунна), кхин ши стаг а воцург. Цара цу чохь цхьа нуьцкъала къам ду, уьш араболлалц шаьш цу чу гIур дац, аьлла.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Цара элира: «ХIай Муса, тхо цкъа а цу чу гIур ма дац, уьш цу чохь мел бу, воло хьо а, хьан Дела а гIо, ашшимма тIом бе, тхо кхузахь хевшина Iийр ду».

*(«Аль-Маидат», 24)*

Везачу Дала хаам бина, царна иза (Иерусалим, Палестина) хьарам ю шовзткъа шарахь, эрна арахь хьере а хилла лелар бу уьш, аьлла. Шовзткъа шарахь арахула буьйлабелла лелла уьш, массийтта дийнахь некъ бинчул тIаьхьа хьалха шаьш хиллачу меттиге схьа а кхочуш.

Оцу аренгахь шен къам хьагделча, Муса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) Деле царна мала хи деха. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Мусас (Деле) шен къомана мала хи деха хан хьахае. ТIаккха Оха элира: «Ахь тоха салва (мерза хьовла) олуш долу даар доссош хилла.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Оха шуна (IиндагI деш) марха яийтира, манна а, салва а (даар) доссийра шуна, оха шайна деллачу рицкъанах даа шайна цIена дерг».

*(«Аль-Бакъарат», 57)*

Бакъду, цара и сийдолу даар сийсазчух хийцина. Цара Мусага (Делера салам хуьлда цунна) аьлла: «ХIай Муса, оха тоам бийр ма бац цхьана кепарчу юучух. Хьайн Деле дехахь, лаьтта тIехь кхуьуш дерг далийта тхуна, алий».

*(«Аль-Бакъарат», 61)*

ТIаккха Дала оцу ниIматах дIахадийна уьш, цара шайна динчу диканна пусар цадар бахьана долуш.

Муса-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) къомана юккъехь цхьа воккха стаг хилла, дукха даьхни долуш, шен доьзал а боцуш. Цуьнан вешин бераш иза валаре сатуьйсуш хилла, цуьнан бахамах ирс эцархьама. Царах цхьамма буса вен а вийна, некъа йистте охьатесна иза, Цо (Мусас) элира: «Дала ларвойла со жехIил нахах хиларх». Цара элира: «Хьайн Деле дехахь, и хIун етт бу тхуна билгалбе, алий». Цо элира: «Цо (Дала) боху: «И етт бу, къена а боцуш, жима а боцуш, юккъерчу барамехь, шайга омра дийриг кхочушде». Цара элира: «Хьайн Деле дехахь, цуьнан бос хIун бу тхуна билгалде, алий». Цо элира: «Цо (Дала) боху: «И етт бу, сирла-можачу басахь, шега хьоьжуш берш цецбохуш». Цара элира: «Хьайн Деле дехахь, билгалде тхуна, и муха бу, алий. Баккъал а, бежанаш вовшех тера хета тхуна. Тхо, Далла лаахь, дIанислур ма ду». Цо элира: «Цо (Дала) боху: «И етт бу, латта охуш я хи дуьллуш дIабоьхна боцуш, сакхтах цIена болуш, шена тIехь кхин бос боцуш». Цара элира: «ХIинца бакъдерг дийци ахь». ТIаккха цара цуьнна урс хьаьккхира, уьш герга ца хилира шаьш и дан».

(«Аль-Бакъарат», 67-71)

ТIаккха Дала омра дина, «Цара муьлхха етт схьа а лаьцна, цунна урс хьаьккхина хиллехьара, царна лууш дерг кхочуш хир ма дара. Бакъду, цара шайна даздира (хеттарш деш), тIаккха Дала а царна даздира (и етт карабарехь)».

Цул тIаьхьа, оцу шовзткъа шара чохь ХIарун (Делера салам хуьлда цунна) кхелхина, цара иза аренгахь дIа а воьллина. Иза кхелхина ши шо даьллачул тIаьхьа Муса а (Делера салам хуьлда цунна) кхелхина. Муса-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) Деле дехна хилла, шен кхалхар Иерусалимана уллохь хилийтахьара, аьлла. Дала цуьнан дехарна жоп делла, веллачул тIаьхьа цара иза Байтуль-Мукъадис (Аль-Акъса) олучу маьждигана уллохь дIавоьллина.

#### ХIОККХУ ВАЙ ДИЙЦИНЧУХ СХЬАЛАЦА ДЕЗАРГ

1. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) – шен къам ФирIавнах хIума деш волчунна а гIо дан дезаш цахилар.

7. Шена тIе кхераме хьал хIоьттича, Деле доIа дан дезаш хилар.

8. Iаламаш кхоьллинчу Дала Муса-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна), юкъарлонча а воцуш, Шеца къамел дарца вазвина хилар.

9. ХIаллакьхиларна гергавахча диллина долу иймане Дала къобалдеш цахилар.

10. Шайга ваийтинчу пайхамарна муьтIахь цахиллачарна Дала Iазап луш хилар.

11. Ша деллачу ниIматана шукра ца деш берш Дала оцу ниIматах дIахадош хилар.

12. Бехк боцу стаг вийнарг я кхечу кепара нахана зулам динарг Дала къайла ца вохуьйтуш, гучувоккхуш хилар.

13. Хаттарш дукха дарца хIуманна кIорге кхиа гIерташ берш, дукхахьолахь, дакъазабовлуш хилар.

***Магомедов С.***

*ТӀарикъат*

# ЗУЬКАРАН А, ШОВКЪАН А ХЬОЛАХ, МЕХАЛЛЕХ, МУРДИЙН ОЙЛАНЕХ...

Ткъеснална гӀачу бӀешаран кхузткъалгӀачу шерашкахь мурдашка тобанаш дайта волавелла Эвтарара Бамат-Гирий-Хьаьжа.

Цул тӀаьхьа йоккха хан ялале мурдаша зуькар дар мелла а кхечу кепе дирзира, тахана вайна гуш йолчу кепе.

Кхечу вирдашкарчу мурдашна тахана а тамашийна ду Ӏовдин мурдаша «шовкъаш» яр.

ХӀун ду-те и «шовкъ» бохург? Цунах лаьцна дийца, и довзийта хьовсур ду вай тахана, ницкъ кхачаран барамехь, тхайна Дала беллачу кхетамца.

Ламасте дирзина долу и шовкъан зуькар мурдаша, кхийса а луш, хьала-охьа садеӀарца доладо.

Са хьаладаӀар – иза дахар ду, охьадаӀар – валар, ткъа валар – иза асар ду, дуьненан баланех дӀакъаьсташ, паргӀат валар ду...

Зуькарехь долу валар – жима валар ду. Иштта и зуькар деш мурд асаре волу, цунах олуш ду и шовкъ, шовкъан хьал. «Шовкъан хьоло вахийна ву и», олуш хилла Ӏовдин заманахь цхьаболчу мурдашна. И бохург хӀун ду? Дуьненан белхашна ойла яр жимдина, Деле а, шен Устазе а йолу ойла-марзо совъяьккхина, цунах тоам бина, Ӏамалъеш волчу мурдана кхин гуш хӀума ца хуьлу оцу шен Устазе а, цуьнгахула Деле а йолчу марзонал совдаьккхина...

Шовкъан мехаллех Ӏовдас (Дала къайле цӀинйойла цуьнан) иштта дийцина:

«Шовкъ кхаа кепара хуьлу.

Хьалхара шовкъ – зуькаран мукъамехь Дела а, пайхамар а, шен устаз а хьехоре ладоьгӀна, дуьненан хьашташ диццдина, доккхачу эхартан ойла еш, дукха къахьегар доцуш, мурдаш шовкъан хьоле бевлла дӀахӀиттар. Иза цхьа шатайпа, башха шовкъ ю, Далла гергахь тоьлла, лакхара меттиг ю.

ШолгӀа – зуькар хила а дезаш, амма оцу хьоле кхача ца луш, цхьа гӀоьртина меттиг хилча, Дала мукълахь, хӀара меттиг тӀеяккхаза Ӏийр ма вац ша аьлла, шен ерриге а ойла Деле, шен устазе кховдийна, шена еана шовкъ йоццушехь, тохавелла, хӀоккху-эцца кхоссавелла, кхечу мурдашна оцу зуькарх пайда балийтина, уьш асаре бовлийтина, и меттиг тойина, тӀеяьккхина волчу мурдана Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уллохь гӀазот даьккхинчунна йолччул ял хир йолуш шовкъ ю.

КхоалгӀа шовкъ ю – шовкъан хьоле ваьлла волчу мурдан уггаре а лакхара макъаам ю «син долара дегӀ дӀадаьлла меттиг».

Оцу хьолехь цкъа хиллачу мурдана Макка Хьаьж дича санна я Делан новкъахь гӀазот даьккхинчунна санна, я Ӏамал-Ӏибадат деш холбатахь Ӏийча санна ял хир ю Делера.

Хоттучо хоттур ду-кха, хӀунда ю и тайпа шовкъ оццул еза аьлла, – кхидӀа а дийцина Ӏовдас, – Макка Хьаьждан воьдург дуьненан белхийн ойла ца еш я цхьа хӀума дага ца тосуш хир вац. Иштта цу ойланех паргӀат хир вац Делан новкъахь гӀазотана юкъ йихкина араваьлларг а, холбатахь Ӏийриг а.

Ткъа цу шовкъан хьолехь волу мурд хӀумма а гуш-хезаш хир вац, шега кхаьчна долчу оцу шовкъан хьолана там беш, Дела а, шен устаз а хестош болу мукъам боцург. Цундела ю и шовкъ иштта еза».

...Оцу зуькарх пайда оьцуш, цу юкъахь болчу, оцу эвлаяан вирдехь болчу мурдашна бен ца хаьа ма-дарра оцу зуькаран а, шовкъан а хьолах дерг. Къаьсттина тидам тӀебахийтина довзийта лаьа суна Ӏовдас (Дала къайле цӀинйойла цуьнан) йийцинчу оцу кхоалгӀачу шовкъах дерг. Цу шовкъан хьоле вахана мурд, ша деш долу зуькар – шовкъана кхийсавалар а хуьйцуш, дакъа санна вужу, хезаш-хаалуш хӀума а доцуш. Уллохь зуькар дечу мурдаша хьала а хӀоттавой, шовкъа зуькаран низаме верза гӀо до цунна. Иштта бен метта ца вогӀу и шега кхаьчначу хьолах.

Ӏилманчас Акаев ВахӀида яздо: «ИтталгӀачу бӀешарахь теософски лехамашна жоп карор санна ду, эвлаяана Дела карор (цунах дӀаэр) – (единение с Богом – оьрсийн маттахь).

Дела шегахь карор – иза эвлаяа Дела хьехорехь бинчу белхан жамӀ ду.

Эвлаяаша Делаца дӀаэр дуьйцучу хенахь, цара дуьйцург цхьа хӀума кхечу хӀуманца дӀаэр дац, масала хин тӀадам йистйоцчу хӀордах эр санна.

Шен дегӀаца тӀом беш, шен кхачамбацарех цӀанлуш, шашеца бечу боккхачу белхан жамӀ ду цара дуьйцург, Дела везарехь, вовзарехь соввоккху хьал ду». Иштта ду МитаевгӀеран вирд а, зуькар дечу хенахь, «Делаца дӀаэран» хьоле вуьгуш, ийман чӀагӀдарехь соввоккхуш.

Шен устазан хьехамаша дӀалаьцначу, шен са а, ойла а цӀена латточу мурдана цкъацкъа зуькара юкъахь и вацахь а, зуькаран мукъам геннара хезча а кхачо ю цунна цу хьоло дӀалаца.

Цхьаболчу мурдашна Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисашка, хьехамашка, шен устазан къамелашка, цара динчу гӀуллакхашка, церан хазачу гӀиллакхех лаьцна долчу дийцаршка ладугӀуш, цара лайначу баланех лаьцна дуьйцуш, я и дерриге а назмане и диллина, мукъамехь дӀаальлча а, шовкъан хьоле бовлу уьш, зуькар деш ца хилча а.

Масална дало лаьа суна... МитаевгӀеран мурд волчу сан вашас Жимчу АтагӀарчу Заурбеков Сайд-Эмис (Дала декъалвойла иза) дуьйцура, советан заманахь цкъа ша теш хилларг. ХӀетахь Соьлжа-ГӀаларчу «Южная» автостанцехь диспетчеран болх беш вара иза.

Цхьамма кхайкхина араваьккхира ша, автобусаш дӀасайоьлхучу майдана. Шен бӀаьргашна гучух цец а ваьлла, ца тешаш висира. Гонаха хӀиттина нах а болуш, шовкъе хилла зуькар деш вара гӀеметтахӀоттаран зилал тӀехъиккхина волу стаг.

Гулбеллачех цхьаьннан карахь цу стеган куй а бара.

«Автовокзалан белхахошна хьаьара со МитаевгӀеран вирдехь вуй, цундела кхайкхинера цара соьга, – дуьйцура Сайд-Эмис, – цкъа хьалха салават дилларца (зуькарехь деш ма-хиллара), тӀаккха дехаршца и меттавало гӀертара со, кхузахь иштта зуькар дар могуьйтур дац бохуш. И меттавеанчул тӀаьхьа, нах болчуьра дехьа а ваьккхина, хьаьттира ас цуьнга, хӀун дара и сел шовкъе хьо винарг. Автобус тӀехь яздина «Эвтара» аьлла йоза дешча, са ца тохаделира шега элира цо».

Цу стеган цӀе а, и муьлхачу юьртара хилла а ца хаьа суна, халахеташ делахь а, хӀинца и хатта Сайд-Эми а воцуш ву, амма Дела вац аьлла, чӀагӀделлачу Ӏедалехьара шена бохам хир бара аьлла а, ша нахана юкъахь вара аьлла а, шен синхаамаш юха ца берзош, зуькаран марзонан шовкъе ваьлла и хилла хилар хаьа.

ТӀаьхьенан ойла ечохь ца хилла иза, цуьнан ерриге а ойла дӀалаьцнарг Деле а, Элчане (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) а, шен устазе – Эвтарарчу Шайхе (Ӏовдига) а – болу безам хилла.

Цкъа Ӏовда (Дала къайле цӀинйойла цуьнан) хилла бохуш, дуьйцура баккхийчара шен мурдашца Гихтарчу Арснакъа-Хьаьжа волчу кхайкхина (Арснакъа-Хьаьжа вевзаш волчу Магомаев Шудди-Хьаьжин деда хилла).

Дукха адам хилла Арсанакъа-Хьаьжин кертахь гулделла: цхьаберш зуькар деш, вуьйш шайн устазан хьехамашка ладугӀуш.

Шовкъ еана ветталуш волчу цхьана мурдан, охьавужуш, ламин терхих кхетта корта хадийна.

Велча санна, Ӏуьллуш хилла иза.

Хилларг шега хаийтича, Ӏовдас аьллера: «ТӀулг иккхиний хьовса, нагахь иккхинехь, коьртана хӀумма а хир дац».

Бахана хьаьвсича, тӀулга тӀехь дотӀана карийна, ткъа мурд дукха хан ялале хӀумма а ца хилча санна, шен шовкъан зуькаре хӀоьттина.

Цкъа мукъане а шовкъан хьоле ца кхаьчначунна хуур дац цунах дерг ма-дарра.

Хууш ма-хиллара, советан Ӏедалан заманахь бусалба динна дуьхьал идеологически тӀом латтийна КГБ-н белхахоша. Митаев Ӏелин мурд а, цуьнан нийсархо-накъост а волу Эвтарара Ахмархаджиев ХутӀа тӀекхайкхинера КГБ-н белхахоша. Иза суна цо ша дуьйцуш хезна. Шовкъ еана олу мурдаша, шовкъ бохург хӀун ду, аьлла шега хаьттича, ХутӀас жоп делла, дийцарх кхетар вац цунах, цкъа ша цу хьоле ца ваьллачунна, аьлла.

ХутӀа бакъ а хилла...

Зуькаран мехаллах нохчийн эвлаяаша – къадирин тӀарикъатан дайша, хьехамчаша – дийцина ца Ӏа.

Вевзаш волчу Ӏилманачас, хьадисийн талламхочо Аль Хафиз ибн Къайима «Альвабилюль Сайиб» цӀе йолу жайна яздина зуькаран мехаллах Ӏаьрбийн маттахь.

Зуькарх болуш бӀе сов пайда бу бохуш, яздо цо. Кхузткъа сов пайда дӀа а язбина цо. Царах цхьадерг кхузахь даладо вай:

1Ӏ. ШайтӀа генадоккхуш, цуьнан ницкъ гӀелбо зуькаро.

2. Дагчуьра сингаттам, гӀайгӀа дӀайоккху зуькаро.

3. Хазахетар а, синтем а ло.

4. Сина а, дегӀана а ницкъ ло.

5. Дог самадоккху. ЧӀерана хи санна, оьшу дагна зуькар.

6. Зуькар – син а, даган а кхача бу.

7. Даг тӀера мекха дӀайоккху зуькаро.

8. Къинойх а, гӀалатех а цӀанво.

9. Зуькар бахьанехь хьайн мотт гӀийбатах ларбо: эладитах, аьшпех, девнах, десачу къамелех.

Ӏ0. Зуькаран гулам – малийкийн гулам бу, зуькар ца дезачийн, деса къамелаш дечийн гулам – шайтӀанийн гулам бу.

ӀӀ. Зуькар дийриг а, цуьнга ладугӀург а ирсе хуьлу.

Ӏ2. Зуькар дечунна дукхахо кхочу, доӀа дечарначул а.

Ӏ3. Дела вовзаран стоьмаш луш долу дитт ду зуькар. И зуькар дукха мел ди а, цу диттан орамаш чӀагӀло, орам чӀогӀа мел хили а, стоьмаш дукха ло.

Ӏ4. Зуькаро Дела вовзарна гергавуьгу, Цунах дӀаэрна гергавуьгу (тидам белаш – дӀаэрна – З.М.). Иштта кхидӀа а...

Зуькарера бевллачул тӀаьхьа: «Дуьненан бохамаш а, эшамаш а бицбелла, сица цӀанвала кхин цхьа а хӀума дац-кха зуькар а, шовкъ доцург!..» – Ӏовдин а, Ӏелин а (Дала къайле цӀинйойла церан) мурдаша олуш дукхазза теш хилла со, со-суо оцу хьоле валар а нисделла.

Аль Хафис ибн Къайима далийнчу масаллин жамӀ ду и.

И дешнаш олучу мурдашна цу хьолан мехалла а евзаш хилар ду и.

Ӏовдин а, Ӏелин а мурд а волуш, цу шовкъан хьолехь дукхазза а хилла, и хьал дийцарехь а доцуш, айса зийна волу дела сайгара а тӀетоха лаьа суна. Зуькар а, шовкъ а къасто йиш йоцуш, вовшашца дозаделла ду, Ӏалашо а цхьаъ ю – Далла гергавахар, дуьненан хӀума диццдар.

Зуькар хьалхара дӀаолучуьнга ладугӀуш, цуьнан мукъам, хӀора дош, хӀора аз схьалоцуш хуьлу, цунах марзо а оьцуш, зуькарехь шовкъе волуш верг. Цунна хаало шеца зуькарехь болчийн хьал а, царах мила муьлхачу макъаме кхаьчна а.

Зуькаран а, шовкъан а хьал кхоччуш шех кхетта воцург улло нисвелча, хала хуьлу асаре хила, шовкъан хьоле вала, цул тӀаьхьа лакхарчу макъаме кхача а.

Ткъа зуькар дӀаолучо лерринчу тидамехь латтадо шовкъехь болчийн хьал. Цаьрца цхьаьна ша а шовкъе а хуьлуш, макъаме а кхочуш.

Зуькар дӀаолучунна хаьа, ша муьлхачу хенахь муьлха мукъам бало беза, муьлха дешнаш ала деза, салават маца дилла деза, зуькар дерзо хан маца хуьлу. Сахьтехь, шина-кхаа сахьтехь и зуькар латтарх, шовкъан зуькар дечу мурдашца йолу зӀе мал ца йо цо, цунах доьзна ду уьш макъаме муха кхочур бу а, зуькар мел дахлур ду а, цул тӀаьхьа зуькар дерзо деза хан а...

Йоккха говзалла оьшуш болх бу и.

Аз а, зуькар ала лаам хиларх а, зуькар ала хаарх а тоьаш дац. Делан новкъахь дукха къахьоьгуш, динан вежарша лоруш, царна везаш хила веза и...тӀаккха бен цо олург дагах кхетар дац шовкъан зуькарехьболчарна.

***Заурбеков МасӀуд***

# МУХЬАММАД МАККАРА ДӀАВАХАР

***(Делера къинхетам, маршо хуьлда цунна)***

Дала шех Пайхамар вина,
Шийтта шо дуьзначул тӀаьхьа.
Дахаро хийцамаш бира,
Баланаш ловш волуш къаьхьа.

Мединара нах баьхкира,
Шайца зударий а болуш.
Цара Ислам тӀеийцира,
Даг чохь Дела везар долуш.

Дала Ӏалам динехь нисдан,
Элча хаьржина хиларна.
И хиларна веза, сийлахь,
ТӀебахнера Пайхамарна.

Цо Исламе уьш кхайкхира.
Ислам цара тӀеийцира.
Пайхамара довзийтина,
Дин дӀакхехьа уьш хӀиттира.

Деле ийман шаьш диллина,
Бусалбанаш уьш хилира.
ТӀаккха цара Мухьаммаде,
Медината дӀакхайкхира.

Абу-ТӀалиб дӀакхелхича,
Цуьнан верас Ӏаббас вара.
И Мухьаммад лар ца вича,
Ша ца волий хууш вара.

ТӀаккха Ӏаббас вистхилира.
Мухьаммадах дош элира.
Шен вешин кӀант ларван везар,
Цо хьешашна хаийтира.

ТӀаккха цара сацам бира,
Шайга аьлларг къобалдира.
Ӏаббасана дош делира,
Элча ларван тӀелецира.

Оцу наха Ислам харжар,
Маккин охӀлах дӀадаьржира.
Медината Ислам даржар
Царна чӀогӀа ца тайнера.

Элчас цаьрга омра дира,
Медината дӀагӀо аьлла.
Элчанна уьш муьтӀахь хилла,
Хастам бара Везчу Далла.

Маккара уьш меттахбевлла,
Медината дӀакхелхира.
Шайн дин лело маршабевлла,
Цигахь баха уьш хевшира.

Дукххахболу бусалба нах,
Медината дӀабахнера.
Цхьа кӀеззиг бен бусалба нах
Маккахь буха ца биснера.

***Пашаев Нурди***

20 июня редакцию газеты «Зори Ислама» посетил поэт из Волгограда Василий Поляков, где представил свою книгу – сборник стихов «Сильные духом», посвященных Герою России, Первому Президенту Чеченской Республики Ахмат-Хаджи Кадырову и Главе Чеченской Республики, Герою России Рамзану Кадырову. В сборнике затрагиваются также и темы разного рода, касающиеся чеченского общества, а также патриотические стихи о России и

– Медали у меня за поэзию. Награда Маяковского, Грибоедова, Лермонтова, потом еще за работу по национальным отношениям, «За мир и гуманизм на Кавказе».

– Значит, вы работаете еще в сфере защиты прав человека?

– Да, я веду работу по межнациональным отношениям. Здесь веду, у себя, среди молодежи. Я призываю к дружбе народов, межконфессиальному диалогу. Провожу такую большую работу. А также



# ЧАСТИЧКА ЭТОГО НАРОДА Я...

ее героях. Напомню, Василий Поляков и раньше неоднократно приезжал в Чеченскую Республику. В беседе с корреспондентом газеты «Зори Ислама» Поляков ответил на ряд вопросов, касающихся его творческой жизни.

– На Вашем фото я вижу много медалей и наград? За что вы их получили?

описываю все это в стихах.

– Расскажите о своем первом визите в Чеченскую Республику.

– 4 года назад я впервые приехал в Чеченскую Республику. Я работал главным ветврачом. Меня пригласили в гости. Я приехал и сразу же полюбил этот чудный край. Эта же любовь отразилась и в моем творчестве. Я живу здесь душой.

– Сколько сборников вы издали?

– В данный момент уже изданы два сборника «Сильные духом» и «Героями не рождаются», посвященные Чеченской Республике. А также планирую выпустить сборник на тему казачества и т.д.

В конце беседы, мы, соблюдая обычай гостеприимства, предложили Полякову чай, но наш гость, выразив уважение к месяцу Рамадан, вежливо отклонился от трапезы. Этот жест еще раз доказал, что Поляков ценит и уважает обычаи и традиции чеченского народа.

***С.Сугаипов***

# В НАЧАЛЕ ДОЛГОГО ПУТИ

*(Продолжение. Начало на стр.1)*

Впервые идея создания ГСВУ МВД России была озвучена Президентом Чеченской Республики Р.А.Кадыровым в апреле 2008 года во время рабочего визита в Чеченскую Республику Министра внутренних дел Российской Федерации Р.Г.Нургалиева. Были снесены устаревшие постройки и на их месте построены новые, хорошо оснащенные корпуса училища. Здесь имеется своя программа образования. Основной упор в училище делается на воспитании добропорядочного, ответственного патриота своей страны.

Одним из основных направлений является физическая подготовка. В оборудованном спортзале дети занимаются спортом, физическими упражнениями, некоторыми военными навыками, техникой владения огнестрельным оружием и т.д.

18 июня 2016 года в Суворовском военном училище прошел очередной выпуск учащихся. На большой площади напротив здания училища выстроились в стройный ряд все выпускники и учащиеся. Пришли также и родители учащихся.

Первое слово было предоставлено начальнику училища, полковнику внутренней службы Руслану Лечиеву: «Уважаемые гости, коллеги и выпускники, от лица всего коллектива Грозненского суворовского военного училища МВД России им. Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова разрешите поздравить всех собравшихся с праздником – с нашим шестым выпуском. День выпуска – удивительный день. В этот день все внимание уделяется суворовцам, которые провели 3 года в стенах родного училища, сдали Единый Государственный экзамен и готовятся к поступлению в Вузы МВД России. С честью и достоинством гражданина и патриота стремитесь соответствовать тем духовно-нравственным ориентирам, которые определил Первый Президент Чеченской Республики, Герой России Ахмат-Хаджи Кадыров, и высокой цели, которую поставил перед нами Глава Чеченской Республики, Герой России Рамзан Кадыров. За три года наши суворовцы учатся побеждать себя, обретают уверенность в себе, добиваются намеченных целей. Вклад в развитие личности неоценим, и за это еще раз хочется сказать огромное спасибо Главе Чеченской Республики, Герою России Рамзану Кадырову, создавшему для нас все необходимые условия для работы и учебы, а также педагогам, командирам и родителям. Пусть удача и успех сопутствуют вам в любых начинаниях. В добрый путь, дорогие выпускники!».

В этом году училище выпустило 40 суворовцев. Знаменательное событие стало для них праздником и началом военной карьеры.

Пожелаем им дальнейших успехов в деле защиты Родины.

***С.Сугаипов***

# ЛАМАЗАН ХЕНАШ

## Июль

| денош | фаджр | Іаср | магІриб | Іишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 02:34 | 16:15 | 19:46 | 21:36 |
| 2 | 02:35 | 16:15 | 19:46 | 21:35 |
| 3 | 02:36 | 16:15 | 19:46 | 21:35 |
| 4 | 02:37 | 16:15 | 19:46 | 21:34 |
| 5 | 02:38 | 16:15 | 19:45 | 21:33 |
| 6 | 02:39 | 16:15 | 19:45 | 21:33 |
| 7 | 02:40 | 16:15 | 19:45 | 21:32 |
| 8 | 02:41 | 16:15 | 19:44 | 21:31 |
| 9 | 02:42 | 16:15 | 19:44 | 21:30 |
| 10 | 02:43 | 16:15 | 19:43 | 21:30 |
| 11 | 02:45 | 16:15 | 19:43 | 21:29 |
| 12 | 02:46 | 16:15 | 19:42 | 21:28 |
| 13 | 02:47 | 16:15 | 19:42 | 21:27 |
| 14 | 02:48 | 16:15 | 19:40 | 21:26 |
| 15 | 02:51 | 16:15 | 19:40 | 21:24 |
| 16 | 02:51 | 16:15 | 19:39 | 21:23 |
| 17 | 02:52 | 16:15 | 19:39 | 21:22 |
| 18 | 02:54 | 16:14 | 19:38 | 21:21 |
| 19 | 02:55 | 16:13 | 19:37 | 21:20 |
| 20 | 02:57 | 16:13 | 19:37 | 21:18 |
| 21 | 02:58 | 16:13 | 19:36 | 21:17 |
| 22 | 03:00 | 16:13 | 19:35 | 21:15 |
| 23 | 03:01 | 16:12 | 19:34 | 21:15 |
| 24 | 03:03 | 16:11 | 19:33 | 21:13 |
| 25 | 03:04 | 16:11 | 19:32 | 21:11 |
| 26 | 03:06 | 16:10 | 19:31 | 21:10 |
| 27 | 03:07 | 16:09 | 19:30 | 21:08 |
| 28 | 03:09 | 16:08 | 19:29 | 21:06 |
| 29 | 03:10 | 16:08 | 19:28 | 21:05 |
| 30 | 03:12 | 16:08 | 19:27 | 21:03 |
| 31 | 03:13 | 16:08 | 19:26 | 21:02 |

## Август

| денош | фаджр | Іаср | магІриб | Іишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 03:15 | 16:08 | 19:24 | 21:00 |
| 2 | 03:17 | 16:07 | 19:23 | 20:58 |
| 3 | 03:18 | 16:06 | 19:22 | 20:56 |
| 4 | 03:20 | 16:05 | 19:21 | 20:55 |
| 5 | 03:21 | 16:05 | 19:19 | 20:53 |
| 6 | 03:23 | 16:04 | 19:18 | 20:51 |
| 7 | 03:23 | 16:04 | 19:17 | 20:51 |
| 8 | 03:25 | 16:03 | 19:15 | 20:47 |
| 9 | 03:27 | 16:02 | 19:14 | 20:46 |
| 10 | 03:29 | 16:01 | 19:12 | 20:44 |
| 11 | 03:31 | 16:01 | 19:11 | 20:42 |
| 12 | 03:32 | 16:00 | 19:10 | 20:40 |
| 13 | 03:34 | 15:59 | 19:08 | 20:38 |
| 14 | 03:35 | 15:59 | 19:07 | 20:36 |
| 15 | 03:37 | 15:58 | 19:05 | 20:34 |
| 16 | 03:39 | 15:57 | 19:04 | 20:32 |
| 17 | 03:40 | 15:57 | 19:02 | 20:30 |
| 18 | 03:42 | 15:56 | 19:00 | 21:29 |
| 19 | 03:43 | 15:55 | 18:59 | 20:27 |
| 20 | 03:45 | 15:54 | 18:57 | 20:25 |
| 21 | 03:46 | 15:53 | 18:56 | 20:24 |
| 22 | 03:48 | 15:52 | 18:54 | 20:22 |
| 23 | 03:49 | 15:52 | 18:52 | 20:21 |
| 24 | 03:51 | 15:51 | 18:51 | 20:19 |
| 25 | 03:52 | 15:50 | 18:49 | 20:17 |
| 26 | 03:54 | 15:49 | 18:48 | 20:16 |
| 27 | 03:55 | 15:48 | 18:46 | 20:14 |
| 28 | 03:56 | 15:47 | 18:44 | 20:12 |
| 29 | 03:58 | 15:46 | 18:42 | 20:11 |
| 30 | 03:59 | 15:45 | 18:41 | 20:09 |
| 31 | 04:00 | 15:44 | 18:39 | 20:07 |

## Сентябрь

| денош | фаджр | Іаср | магІриб | Іишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 04:02 | 15:45 | 18:37 | 20:06 |
| 2 | 04:04 | 15:44 | 18:36 | 20:04 |
| 3 | 04:05 | 15:44 | 18:34 | 20:02 |
| 4 | 04:06 | 15:43 | 18:32 | 20:00 |
| 5 | 04:07 | 15:42 | 18:30 | 19:59 |
| 6 | 04:09 | 15:41 | 18:28 | 19:57 |
| 7 | 04:10 | 15:41 | 18:27 | 19:55 |
| 8 | 04:12 | 15:40 | 18:25 | 19:53 |
| 9 | 04:13 | 15:39 | 18:23 | 19:52 |
| 10 | 04:14 | 15:38 | 18:21 | 19:50 |
| 11 | 04:16 | 15:37 | 18:19 | 19:48 |
| 12 | 04:17 | 15:37 | 18:18 | 19:46 |
| 13 | 04:18 | 15:36 | 18:16 | 19:44 |
| 14 | 04:20 | 15:35 | 18:14 | 19:43 |
| 15 | 04:21 | 15:34 | 18:12 | 19:41 |
| 16 | 04:22 | 15:33 | 18:10 | 19:39 |
| 17 | 04:23 | 15:32 | 18:08 | 19:37 |
| 18 | 04:25 | 15:32 | 18:06 | 19:35 |
| 19 | 04:26 | 15:32 | 18:05 | 19:34 |
| 20 | 04:26 | 15:31 | 18:03 | 19:32 |
| 21 | 04:28 | 15:30 | 18:01 | 19:30 |
| 22 | 04:30 | 15:29 | 17:59 | 19:28 |
| 23 | 04:31 | 15:28 | 17:57 | 19:26 |
| 24 | 04:32 | 15:27 | 17:55 | 19:24 |
| 25 | 04:33 | 15:25 | 17:54 | 19:23 |
| 26 | 04:34 | 15:24 | 17:52 | 19:21 |
| 27 | 04:35 | 15:22 | 17:50 | 19:19 |
| 28 | 04:36 | 15:21 | 17:48 | 19:17 |
| 29 | 04:37 | 15:20 | 17:46 | 19:15 |
| 30 | 04:38 | 15:19 | 17:45 | 19:14 |

## Октябрь

| денош | фаджр | Іаср | магІриб | Іишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 04:40 | 15:18 | 17:43 | 19:12 |
| 2 | 04:41 | 15:18 | 17:41 | 19:10 |
| 3 | 04:42 | 15:17 | 17:39 | 19:08 |
| 4 | 04:43 | 15:16 | 17:37 | 19:07 |
| 5 | 04:44 | 15:14 | 17:36 | 19:05 |
| 6 | 04:45 | 15:13 | 17:34 | 19:03 |
| 7 | 04:46 | 15:12 | 17:32 | 19:01 |
| 8 | 04:47 | 15:11 | 17:30 | 19:00 |
| 9 | 04:48 | 15:10 | 17:28 | 18:58 |
| 10 | 04:50 | 15:09 | 17:27 | 18:56 |
| 11 | 04:51 | 15:08 | 17:25 | 18:54 |
| 12 | 04:52 | 15:07 | 17:23 | 18:53 |
| 13 | 04:59 | 15:29 | 18:04 | 19:31 |
| 14 | 04:53 | 15:06 | 17:21 | 18:51 |
| 15 | 04:56 | 15:05 | 17:18 | 18:48 |
| 16 | 04:57 | 15:04 | 17:16 | 18:46 |
| 17 | 04:58 | 15:03 | 17:15 | 18:44 |
| 18 | 04:59 | 15:02 | 17:13 | 18:43 |
| 19 | 05:01 | 15:01 | 17:11 | 18:41 |
| 20 | 05:02 | 15:00 | 17:10 | 18:40 |
| 21 | 05:03 | 14:58 | 17:08 | 18:38 |
| 22 | 05:04 | 14:57 | 17:07 | 18:36 |
| 23 | 05:05 | 14:56 | 17:05 | 18:33 |
| 24 | 05:07 | 14:55 | 17:03 | 19:44 |
| 25 | 05:08 | 14:54 | 17:02 | 18:32 |
| 26 | 05:09 | 14:53 | 17:00 | 18:30 |
| 27 | 05:10 | 14:52 | 16:59 | 18:29 |
| 28 | 05:11 | 14:50 | 16:58 | 18:27 |
| 29 | 05:12 | 14:49 | 16:56 | 18:26 |
| 30 | 05:14 | 14:48 | 16:55 | 18:25 |
| 31 | 05:15 | 14:47 | 16:54 | 18:23 |

*Делкъа ламазан хан 12:30*

## Ноябрь

| денош | фаджр | Іаср | магІриб | Іишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 05:16 | 14:46 | 16:52 | 18:22 |
| 2 | 05:17 | 14:45 | 16:51 | 18:20 |
| 3 | 05:18 | 14:44 | 16:49 | 18:19 |
| 4 | 05:20 | 14:44 | 16:48 | 18:18 |
| 5 | 05:23 | 14:43 | 16:46 | 18:15 |
| 6 | 05:24 | 14:43 | 16:44 | 18:14 |
| 7 | 05:24 | 14:43 | 16:44 | 18:14 |
| 8 | 05:25 | 14:42 | 16:43 | 18:13 |
| 9 | 05:26 | 14:42 | 16:42 | 18:12 |
| 10 | 05:27 | 14:41 | 16:41 | 18:11 |
| 11 | 05:28 | 14:41 | 16:40 | 18:10 |
| 12 | 05:29 | 14:40 | 16:39 | 18:09 |
| 13 | 05:30 | 14:40 | 16:38 | 18:08 |
| 14 | 05:31 | 14:39 | 16:37 | 18:07 |
| 15 | 05:32 | 14:39 | 16:36 | 18:06 |
| 16 | 05:34 | 14:38 | 16:35 | 18:05 |
| 17 | 05:35 | 14:38 | 16:34 | 18:04 |
| 18 | 05:36 | 14:37 | 16:33 | 18:03 |
| 19 | 05:37 | 14:37 | 16:32 | 18:02 |
| 20 | 05:38 | 14:36 | 16:32 | 18:01 |
| 21 | 05:39 | 14:36 | 16:31 | 18:00 |
| 22 | 05:40 | 14:35 | 16:30 | 18:00 |
| 23 | 05:41 | 14:35 | 16:30 | 17:59 |
| 24 | 05:42 | 14:34 | 16:29 | 17:58 |
| 25 | 05:43 | 14:34 | 16:28 | 17:58 |
| 26 | 05:44 | 14:33 | 16:28 | 17:57 |
| 27 | 05:45 | 14:33 | 16:27 | 17:57 |
| 28 | 05:46 | 14:32 | 16:27 | 17:56 |
| 29 | 05:47 | 14:31 | 16:26 | 17:56 |
| 28 | 05:48 | 14:30 | 16:26 | 17:55 |

*Делкъа ламазан хан 12:30*

## Декабрь

| денош | фаджр | Іаср | магІриб | Іишаъ |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 05:49 | 14:29 | 16:25 | 17:55 |
| 2 | 05:50 | 14:29 | 16:25 | 17:54 |
| 3 | 05:51 | 14:29 | 16:25 | 17:54 |
| 4 | 05:52 | 14:28 | 16:25 | 17:54 |
| 5 | 05:53 | 14:28 | 16:24 | 17:54 |
| 6 | 05:54 | 14:28 | 16:24 | 17:53 |
| 7 | 05:55 | 14:27 | 16:24 | 17:53 |
| 8 | 05:56 | 14:27 | 16:24 | 17:53 |
| 9 | 05:57 | 14:27 | 16:24 | 17:53 |
| 10 | 05:57 | 14:26 | 16:24 | 17:53 |
| 11 | 05:58 | 14:26 | 16:24 | 17:53 |
| 12 | 05:59 | 14:26 | 16:24 | 17:53 |
| 13 | 06:00 | 14:25 | 16:24 | 17:53 |
| 14 | 06:00 | 14:25 | 16:24 | 17:54 |
| 15 | 06:01 | 14:24 | 16:25 | 17:54 |
| 16 | 06:02 | 14:24 | 16:25 | 17:54 |
| 17 | 06:02 | 14:24 | 16:25 | 17:54 |
| 18 | 06:03 | 14:24 | 16:25 | 17:54 |
| 19 | 06:03 | 14:23 | 16:26 | 17:55 |
| 20 | 06:04 | 14:23 | 16:26 | 17:56 |
| 21 | 06:05 | 14:23 | 16:27 | 17:56 |
| 22 | 06:05 | 14:22 | 16:27 | 17:56 |
| 23 | 06:05 | 14:22 | 16:28 | 17:57 |
| 24 | 06:06 | 14:22 | 16:29 | 17:58 |
| 25 | 06:06 | 14:20 | 16:29 | 17:58 |
| 26 | 06:07 | 14:20 | 16:29 | 17:58 |
| 27 | 06:07 | 14:20 | 16:30 | 17:59 |
| 28 | 06:07 | 14:20 | 16:31 | 18:00 |
| 29 | 06:08 | 14:20 | 16:32 | 18:00 |
| 30 | 06:08 | 14:20 | 16:32 | 18:01 |
| 31 | 06:08 | 14:20 | 16:33 | 18:02 |

*Делкъа ламазан хан 12:30*

**Лараме газетдешархой, дІахьош ду «Исламан зІаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928**

Исламан зІаьнарш
أشعّة الإسلام
ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»

Газетан бух биллинарг
Заурбеков МасІуд

Коьрта редактор
Заурбеков М.М.

**Газет диллинарг/арахоьцург:** НР-н къоман политикин,арахьарчу зІенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364014, Соьлжа-ГІала, Маяковскийн урам, 92
**Редакцин адрес:** 364014, Соьлжа-ГІала, Маяковскийн урам, 92
**Телефон:** 8-8711-222-45-34
**Тхан интернет-почта:** zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас
Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа

Газетна регистраци йина шуьйрачу коммуникацийн, культурни тІаьхье Іалашъяран декъехь законаш лардар тІехь тергам латторан НР йолчу Федеральни службо 2015-чу шеран 1-чу декабрехь
**Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла**
ПИ № ТУ 20-00110

**Редакцин кхеташо:**
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Іелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
П. Петирова, Л. Арсалиева

Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова

Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, eариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 22.06.2016 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 22.06.2016 шо. 16:00
**Заказ №**
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГІала, Интернациональни урам, 12/35
**БИННА МАХ**